

Patisipasyon nan rechèch se yon chwa li ye

Lè w rantre nan yon etid rechèch se yon desizyon pèsònèl ki enpòtan. Anvan w rantre, chèchè a pral pale avèk ou sou objektif etid la, ak sou risk ak avantaj ki ka genyen yo. Y ap eksplike tou règleman yo suiv pou pwoteje sekirite w ak vi prive w. Mande pou yo ede w si w pa konprann yon bagay oswa si w genyen kesyon.

Ou pa janm dwe santi w prese oubyen ke yo ba w presyon pou w pran yon desizyon. Patisipasyon nan yon etid rechèch konplètman volontè – se chwa pa w li ye.

Aprè w fin konprann etid la, ou ka dakò pou w patisipe lè w siyen yon dokiman ki rele "fòmilè konsantman eklere." Ou ka chanje lide w nenpòt lè, pou nenpòt rezon, menm apre w fin siyen.



Kesyon pou w poze

Se dwa w pou w poze kesyon sou ekip rechèch la ak sou etid rechèch la anvan w deside si w ap patisipe. Manm ekip rechèch yo la pou reponn kesyon w yo epi pou ede w jwenn repons pou kesyon yo pa kapab reponn yo. Pi ba a gen yon lis kesyon ou ka vle poze ekip rechèch la anvan w dakò pou w patisipe nan yon etid.

- > Ki moun ki se anketè prensipal pou etid sa a?
- > Ki lòt moun ki fè patidè ekip rechèch la?
- > Ki manm ekip rechèch la ki pral travay avèk mwen?
- > Kisa chak manm ekip rechèch la pral fè?
- > Kijan yo fòme ekip rechèch sa a pou fè etid sa a?
- > Ki manm ekip rechèch (yo) èske mwen dwe kontakte si mwen gen kesyon? Kijan pou mwen kontakte yo?
- > Si mwen pa santi mwen byen, èske se pou m rele doktè swen prensipal mwen an? Oubyen yon moun nan ekip rechèch la?
- > Ki moun pou mwen kontakte si mwen vle kite etid la?
- > Apade ekip rechèch la, èske genyen yon lòt moun pou mwen kontakte si mwen gen kesyon oswa enkyetid?

RANKONTRE EKIP RECHÈCH LA



Patisipasyon nan rechèch se chwa pa w li ye.
Enfòme w. Poze kesyon. Jwenn repons.

Etid rechèch kolekte enfòmasyon pou reponn kesyon syantifik. Yo ede chèchè yo jwenn pi bon fason pou anpeche ak trete maladi epi amelyore swen sante alavni. Chak etid genyen yon ekip rechèch. Manm ekip yo travay ansanm pou suiv yon plan detaye pou etid la, ki rele yon pwotokòl.



Materiyèl sa a se travay New England Research Subject Advocacy Group (Gwoup Defans pou Sijè nan Rechèch nan New England), ak kontribisyon inivèsite ki afilye yo ak sant swen sante akademik nan enstitisyon manm yo. Pou plis enfòmasyon al gade nan: <http://catalyst.harvard.edu/regulatory/language.pdf>

Kesyon? Rele nou nan



Bwochi sa a genyen enfòmasyon jeneral pou objektif edikatif epi li pa fèt pou founi konsèy medikal. Pale ak pwòp doktè w oswa ak ekip rechèch la pou konsèy sou sitiasyon pèsònèl ou ak enkyetid sou sante w yo.

Manm yon ekip rechèch

Yon ekip rechèch ka enkli syantis, doktè, enfimiyè, ak estaf ki ede kowòdone epi fè etid la. Ekip rechèch la ka trè gwo, ak plizyè moun nan diferan lopital. Oubyen li ka enkli sèlman detwa moun. Ann rankontre kèk manm ekip rechèch la.

Anketè **prensipal la**, oswa PI, se moun ki responsab pou tout etid la. Tout etid genyen yon PI. Moun sa a trè souvan se yon doktè oswa syantis. PI a planifye etid la epi asire aktivite yo fèt san danje epi kòrèkteman. Se li ki deside kisa chak manm ekip rechèch la fè. PI a sipèvize tout aktivite rechèch yo epi tout manm ekip etid la yo. PI a asire tout moun nan ekip la jwenn bon fòmasyon an.

Ko-anketè se chèchè ki travay avèk PI a. Plizyè etid genyen ko-anketè. Souvan yo se doktè, syantis, oswa moun ki gen lòt fòmasyon ki enpòtan pou etid la. Ko-anketè yo ka ede PI a devlope etid la oubyen sipèvize li. Sepandan yo pa responsab pou tout etid la. Yo ka travay sèlman sou yon pati, tankou fè yon tès laboratwa oubyen etidye enfòmasyon rechèch.

Yon **enfimiyè rechèch** souvan genyen fòmasyon espesyal ak ekperyans nan rechèch. Plizyè etid ki enkli rechèch medikal oswa rechèch klinik genyen yon enfimiyè rechèch nan ekip la. Li ede reyalize etid la, e li konsantre sou swen ak sekirite patisipan nan rechèch yo. Yon enfimiyè rechèch souvan enplike nan kowòdinasyon aktivite etid jounalye yo.

Yon **kowòdinatè rechèch / asistan rechèch** se yon moun ki travay ak lòt manm ekip rechèch yo pou òganize epi ede ak tach etid jounalye yo.

Yon ekip rechèch travay ansanm

Kit ekip rechèch la gwo kit li piti, tout manm yo travay ansanm pou kenbe w an sekirite epi byen leplis posib pandan w nan etid la. PI a dirije ekip rechèch la, sepandan tout manm ekip yo travay ansanm pou asire etid la fèt kòrèkteman epi san danje. Manm ekip rechèch la yo genyen plizyè tach ki deziyen selon wòl (yo).

Kèk nan tach sa yo gen ladan yo:

- > Asire patisipan nan rechèch yo elijib pou patisipe nan etid la
- > Asire tout patisipan yo jwenn enstriksyon ki klè
- > Bay oswa sipèvize pwosedi etid yo
- > Asire patisipan yo rete san danje epi ansante leplis posib pandan etid la.

Anplisde fòmasyon yo antanke doktè, enfimiyè, oubyen syantis, manm ekip rechèch la jwenn fòmasyon espesyal adisyonèl pou rechèch. Yo aprann kijan pou yo fè etid rechèch yon fason ki kòrèk, san danje, epi ki respekte lalwa.

Plizyè lòt moun ede tou ak yon etid rechèch. Paregzanp, yon etid ka gen ladann:

- > Famasyon ki bay medikaman etid la
- > Teknisyen laboratwa ki pran san ak lòt echantiyon
- > Dyetetisyen ki ede ak bezwen alimantasyon patisipan yo
- > Travayè sosyal ki bay sipò e ki ka dyagnostike epi trete pwoblèm mantal, konpòtman, ak emosyonèl
- > Estaf biwo ki ede kolekte ak revwa enfòmasyon

Pati enpòtan patisipan nan rechèch yo jwe

Lè w patisipe nan yon etid, ou jwe yon wòl enpòtan nan amelyorasyon swen sante.

Oumenm ak lòt moun ki patisipe nan rechèch yo rele "patisipan nan rechèch," "sijè nan rechèch oswa etid," oubyen "volontè nan rechèch." Chèchè yo pa t ap ka devlope nouvo tretman san èd moun ki chwazi pou yo patisipe nan etid yo.

Nan sèten etid, patisipan nan rechèch yo se volontè ki ansante. Nan lòt, yo genyen maladi oswa pwoblèm medikal chèchè yo ap etidye a. Sèten etid genyen toulède gwoup yo ladan yo. Pwotokòl rechèch la deziyen ki moun ki elijib pou patisipe nan yon etid.

Kisa patisipan nan rechèch fè?

Chak etid diferan. Yon manm nan ekip rechèch la pral eksplike kisa wòl ou ye, dwa genyen, ak responsabilite w nan etid la. Kontak prensipal ou ka kowòdinatè rechèch la, enfimiyè rechèch la, oubyen yon lòt manm ekip la. Anvan w dakò patisipe, asire ou konnen ki moun ki se kontak prensipal ou epi kijan pou w kontakte li.

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou w patisipe nan yon rechèch, tanpri al gade materyèl edikatif, videyo, ak resous nou yo.

Vizite nou nan: catalyst.harvard.edu/services/rsa/.